



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN KOMISYON KONJWEN SOU ETIK PIBLIK LA

Onorab C. Randall Hinrichs ap sèvi nan Komisyon an epi Komisè James E. Dering ap sèvi kòm Prezidan Pwovizwa

Li kòmanse Pwosesis pou Refòme Komisyon Konjwen sou Etik Piblik (Joint Commission on Public Ethics, JCOPE) a ak Amelyore Sipèvizyon Etik nan Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon nan Komisyon Konjwen sou Etik Piblik (Joint Commission on Public Ethics) la. Gouvènè a sp dezinye Komisè James E. Dering pou sèvi kòm Prezidan Pwovizwa nan Komisyon an epi li ap nome Onorab Honorable C. Randall Hinrichs pou li sèvi nan Komisyon an kòm yon moun Gouvènè a nome. Gouvènè Hochul te anonse li ap kòmanse yon pwosesis pou revize ak refòme JCOPE a, epi nan kad pwosesis sa a ki pral solisite kontribisyon ki soti nan bon gwoup gouvènman yo, lejislatè yo, ak lòt aktè yo pou amelyore sipèvizyon etik nan Eta New York.

"Jan mwen te di nan premye jou mwen te vini Gouvènè a, mwen angaje pou yon gouvènans transparan, etik ke Nouyòkè yo pral fè konfyans. Nominasyon sa yo se yon premye etap enpòtan epi li reflete ijans ki nesèsè pou ògàn etik la reyalize travay li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou angaje pou nou antreprann refòm ki anbisye nan JCOPE a, se poutèt sa administrasyon mwen an pral travay avèk lejislatè yo, gwoup bòn gouvènans yo ak piblik la pou refòme sipèvizyon etik ak asire ke travay ògàn etik sa a san repwòch".

James E. Dering pral sèvi kòm Prezidan Pwovizwa Komisyon an. Komisè Dering se yon patenè nan Garfunkel Wild, P.C. ("GW"), yon kabinè avoka ki konsantre sou sèvi bezwen biznis ak bezwen jiridik kliyan yo nan endistri swen sante a ak lòt domèn yo. Mesye Dering ap travay nan GW's Albany, NY office (biwo NY) epi li se yon manm gwoup Swen Sante, pratik Biznis ak Konfòmite kabinè a. Anvan sa, li te sèvi kòm Avoka Jeneral nan Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la, epi avan sa li te sèvi kòm Avoka Jeneral Adjwen ak Direktè Biwo Avoka Lachanm (Bureau of House Counsel). Kòm Avoka Jeneral, li se konseye jiridik prensipal Komisè Sante a epi li te sipèvizyon apwoksimativman 125 avoka ak pèsonèl. Mesye Dering te sèvi kòm Chèf Biwo nan Biwo Swen Sante Pwokirè Jeneral Eta New York la, epi li te okipe lòt pozisyon nan Biwo Pwokirè Jeneral la. Avan sèvis li nan gouvènman, Mesye Dering te

nan pratik prive pandan plis pase 10 ane epi li te konseye kliyan yo nan domèn swen sante, asirans, dwa kòporatif ak litij. Li te resevwa diplòm Doktora Jiridik (J.D.), avèk mansyon trè byen, nan Fakilte Dwa Inivèsite Union nan Albany (Albany Law School of Union University) epi li te resevwa diplòm lisans li yo nan Jesyon Afè nan Kolèj Ithaca.

Onorab C. Randall Hinrichs te nome nan Komisyon an. Li te sèvi avan sa kòm Jij Administratif nan Distri Konte Suffolk. Nan fonksyon sa a li te responsab pou operasyon nan tribinal jijman Konte Suffolk, kote li te sèvi bezwen apwoksimativman 1.5 milyon sitwayen nan Konte Suffolk, epi gen ladan sipèvizyon prèske 1,000 anplwaye ak plis pase 70 jij. Avan sa, Jij Hinrichs te sèvi kòm Jij Sipèvizè nan Tribinal Konte Suffolk soti 25 avril, 2008 jiska nominasyon li a kòm Jij Distri Administratif. Avan li rejwenn ban an, Jij Hinrichs te sèvi nan biwo Pwokirè Distri Konte Suffolk soti mas 1982 rive desanm 2001. Jij Hinrichs sèvi kòm yon Pwofesè Adjwen nan Pwogram Jistis Kriminèl nan Inivèsite Kominotè Suffolk (Suffolk Community College). Li te konferansye nan Asosyasyon Bawo Konte Suffolk (Suffolk County Bar Association), Aosyasyon Bawo Kriminèl Konte Suffolk (Suffolk County Criminal Bar Association) la, epi li te pale nan fowòm yo nan Sant Dwa Touro (Touro Law Center) a. Jij Hindrichs se yon diplome nan Inivèsite Bucknell (Bucknell University) ak nan Inivèsite Eta New York (State University of New York) nan Fakilte Dwa Buffalo (Buffalo Law School).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)